

Egzanp Kesyonè sou Ras ak Gwoup Etnik pou Pasyan

"Nou vle asire nou idantifye ak abòde bezwen chak pasyan epi asire tout pasyan jwenn pi bon swen ki posib. Nou pral poze w kèk kesyon pou nou ka bay pasyan nou yo bon swen sante e ki gen kalite siperyè.

Nou pral kenbe enfòmasyon sa konfidansyèl epi nou pral mete li ajou nan dosye medikal ou. Yo **pa** pral itilize enfòmasyon ou bay yo pou idantifye oswa pou jwenn sitiyoasyon imigrasyon ou, epi yo **pa** pral rapòte yo ba otorite yo. Ou ka chwazi pou pa reponn nenpòt kesyon.

Yo te ba w yon lis Kesyon yo poze Souvan ak Definisyon pou ede reponn kesyon ou ka genyen konsènan fòm sa a, men manm pèsònèl anrejistreman nou yo ap kontan tou pou reponn kesyon ou.

1. Gwoup Etnik

Èske w se Ispanik, Latino/a, oswa ou gen Orijin Espanyòl? (Ou ka chwazi yonn oswa plizyè kategori)

- | | |
|--|--|
| <input type="checkbox"/> Meksiken | <input type="checkbox"/> Lòt Ispanik, Latino/a, oswa Orijin Espanyòl (Tanpri chwazi nan lis ki nan tablo En an) |
| <input type="checkbox"/> Meksiken Ameriken | |
| <input type="checkbox"/> Chicano/a | |
| <input type="checkbox"/> Pòtoriken | |
| <input type="checkbox"/> Kiben | |
| <input type="checkbox"/> Enkoni | <input type="checkbox"/> Pa Ispanik, Latino/a oswa Orijin Espanyòl |

2. Ras

Ki ras ou? (Ou ka chwazi yonn oswa plizyè kategori)

- | | |
|---|---|
| <input type="checkbox"/> Endyen Ameriken oswa Natif Natal Alaska | <input type="checkbox"/> Blan |
| <input type="checkbox"/> Nwa oswa Afriken Ameriken | <input type="checkbox"/> Lòt Ras |
| <input type="checkbox"/> Endyen Azyatik | <input type="checkbox"/> Natif Natal Awayi |
| <input type="checkbox"/> Chinwa | <input type="checkbox"/> Moun Guam oswa Chamorro |
| <input type="checkbox"/> Filipino | <input type="checkbox"/> Moun Samoa |
| <input type="checkbox"/> Japonè | <input type="checkbox"/> Lòt Abitan Zil Pasifik (Tanpri chwazi nan lis ki nan tablo Twa a) |
| <input type="checkbox"/> Koreyen | |
| <input type="checkbox"/> Vyetnamyen | |
| <input type="checkbox"/> Lòt Azyatik (Tanpri Chwazi nan lis ki nan tablo De a) | |
-

Tablo Lòt Gwoup Etnik

Tablo En: Lòt Ispanik, Latino/a, oswa Orijin Espanyòl

<p>Moun Espay Moun Andalouzi Moun Asturias Kastiyen Katalan Moun Zil Balear Gallego Moun Valencia Moun Kanari Espanyòl Bask</p>	<p>La Raza Endyen Ameriken Meksiken Amerik Santral Kostariken Gwatemaltèk Ondiryen Nikaragweyen Panameyen Salvadoryen Endyen Amerik Santral Zòn Kanal</p>	<p>Sid Ameriken Ajantin Bolivyen Chilyen Kolonbyen Ekwatoryen Paragweyen Perivyen Irigweyen Venezzyelyen Endyen Amerik Disid Criollo Amerik Latin Dominiken</p>
---	---	---

Tablo Lòt Ras yo

Table De: Lòt Azyatik

<p>Bangladechi Moun Bhutan Moun Burma Kanbodyen Taywanè Hmong Endonezyen Moun Laos Malesyen</p>	<p>Moun Okinawa Pakistani Sri Lankè Thai Iwo Jiman Moun Maldiv Nepalè Sengapouryen Madagascar</p>
---	---

Tablo Twa: Lòt Abitan Zil Pasifik

<p>Polinezyen Tayisyen Moun Tonga Moun Tokelau Moun Guam</p>	<p>Mikwonezyen Moun Zil Mariana Moun Saipan Moun Palau Karolinyen Moun Kosrae Kiribati Moun Pohnpei Moun Chuuk Moun Yap Moun Marshall Kribatl Lòt Mikwonezyen</p>	<p>Melanezyen Fidjyen Papua Nouvèl Gine Moun Zile Salomon Moun New Hebrides Lòt Abitan Zil Pasifik</p>
--	---	--

Definisyon Ras ak Gwoup Etnik

Gwoup Etnik

Ispanik oswa Latino: vle di yon moun ki gen kilti oswa orijin Kiben, Meksiken, Pòtoriken, Amerik Disid oubyen Amerik Santral kèlkeswa ras li.

Enkoni: Chwazi kategori sa a si pasyan an pa kapab bay repons fizikman, pa gen okenn manm fanmi oswa moun k ap bay li swen ki disponib pou reponn pou pasyan an, oswa si pou nenpòt ki rezon, yo pa ka ranpli pòsyon demografik nan dosye medikal la.

Ras

Nwa oswa Afriken Ameriken vle di yon moun ki gen orijin nan nenpòt gwoup ras Nwa Afrik. Li gen ladan moun ki endike ras li(yo) kòm "Nwa, Afriken Ameriken oswa Negro" oswa ki bay done tankou Afriken Ameriken, Kenyan, Nijeryen oswa Ayisyen.

Blan vle di yon moun gen orijin nan nenpòt premye pèp nan Ewòp, Mwayen Oriyan oswa Afrik Dinò. Li gen ladan moun ki endike ras li(yo) kòm "Blan" oswa ki bay done tankou tankou Ilandè, Alman, Italyen, Libanè, Arab, Mawoken oswa Kokazyen.

Azyatik vle di yon moun ki gen orijin nan nenpòt premye pèp Ekstrèm Oriyan, Azi Sidès oswa Endyen soukontinan, ki gen ladan pa egzanp Kambòdj, Chin, End, Japon, Kore, Malezi, Pakistan, Zil Filipin, Tayland ak Vyetnam. Li gen ladan moun ki endike ras li(yo) kòm "Azyatik" oswa ki bay done tankou "Endyen Azyatik", "Chinwa," "Filipino," "Koreyen," "Japonè," "Vyetnamyen" ak "Lòt Azyatik" oswa bay lòt repons Azyatik an detay.

Endyen Ameriken/Natif Natal Alaska vle di yon moun ki gen orijin nan nenpòt premye pèp Amerik Dinò ak Amerik Disid yo (ki gen ladan Amerik Santral) epi ki kenbe afilyasyon ak tribi yo oswa atachman ak kominote yo. Kategori sa a gen ladan moun ki endike ras li(yo) kòm "Endyen Ameriken oswa Natif Natal Alaska" oswa ki rapòte tribi yo enskri ladan oswa tribi prensipal yo tankou Navajo, Blackfeet, Inupiat, Yup'ik oswa gwoup Endyen Amerik Santral oswa gwoup Endyen Amerik Disid.

Natif Natal Awayi/Lòt Abitan Zil Pasifik vle di yon moun ki gen orijin nan nenpòt nan premye pèp Hawaii, Guam, Samoa oswa lòt Zil Pasifik yo. Li gen ladan moun ki endike ras li(yo) kòm "Abitan Zil Pasifik" oswa ki bay done tankou "Natif Natal Awayi," "Moun Guam oswa Chamorro," "Moun Samoa," ak "Lòt Abitan Zil Pasifik" oswa ki bay lòt repons Abitan Zil Pasifik an detay.

"**Lòt Ras**" gen ladan tout lòt repons ki pa enkli nan kategori ras Blan, Nwa oswa Afriken Ameriken, Endyen Ameriken oswa Natif Natal Alaska, Azyatik, ak Natif Natal Awayi oswa lòt Abitan Zil Pasifik ki dekri anwo a **oswa** ki nan lis yo bay yo.